

FÈY ENFÒMASYON SOU TRAVAY SOU WOUT LA

Le 19 fevriye 2008, Depatman transpò Florid la (ann angle, Florida Department of Transportation - FDOT), Distri 6, kòmanse premye faz pwojè 95 Esprès la pou yo kapab fè liy “esprès” peye (2 liy nan chak direksyon) sou I-95 lan (SR 9A) nan pati yo te konn rezève pou liy ki rele “High Occupancy Vehicle (HOV)” yo, (sa vle di ki rezève pou machin ki gen 2 moun oswa plis). Pwojè sa a se premye pwojè kon sa k ap fèt nan Sid Florid, alò l ap anonse yon nouvo epòk nan afè jesyon blokis sikilasyon sou gran wout nan rejyon an.

Pwojè sa a, (Nimewo finansman 415456-1-52-01), gen ladan n tou pòsyon I-95 ki ant SR 836 (ki gen non sa yo “I-395”, “Dolphin Expressway”) ak Goldenngled ki sou bò nò NW 151 Street. Travay konstriksyon yo pral dire prèske 2 an, epi yo kalkile l ap koute 122 milyon dola. Yon lòt pwojè pi devan pral pwolonje liy esprès yo nan direksyon nò soti nan Goldenngled rive jis sou I-595 nan Brawòd Konnti.

Travay ki gen pou fèt

- Retrase I-95 lan epi refè rebò yo pou mete 2 liy esprès ki gen yon lajè 11 pye ak 4 liy òdinè ki gen yon lajè 11 pye, nan chak direksyon yo
- Enstale ekipman elektwonik (Open Road Tolling - ORT) pou machin peye sou wout la san yo pa kanpe. Sistèm sa a deja anplas sou wout “SR 836” la ak Turnpike la
- Enstale ekipman pou sistèm transpò elektwonik lan, tankou tablo mesaj elektwonik ak limyè wouj ranp yo, ann angle yo rele sa (ITS) “Intelligent Transportation System”
- Laji gran wout la nan zòn SR 112 la epi fè chanjman nan ranp antre ak ranp soti ki genyen kounye a ant I-95 lan ak SR 112 (ki rele I-195 ak Julia Tuttle Causeway tou) pou fè plas pou liy esprès tou nèf yo
- Fè chanjman nan kanivo ki pou resevwa dlo lapli divès kote
- Fè ranp antre HOV ki ale sou I-95 nan direksyon nò kounye a, sa ki soti nan NW 10th Avenue an / NW 39th Street la ak pon SR 112 ki pase anlè a, sèvi kòm liy esprès sèlman

Faz travay yo

Pou evite twòp traka lè travay la ap fèt epi pou travay la pa pran twòp tan, yo separe travay la an 2 faz: *Pa bliye orè sa a se yon orè n ap eseye epi orè sa a kab chanje si gen move tan oswa lòt sikonstans nou pa t prevwa.*

Faz 1A a se pou travay sou bò I-95 ki ale nan direksyon nò a, ant SR 112 ak Goldenngled. Faz sa a te kòmanse le 19 fevriye 2008 epi yo te kòmanse touche lajan peyaj sou wout la elektwonikman le 5 desanm 2008.

Kwak yo fini nèt ak travay konstriksyon sou bò wout la ki ale nan direksyon nò a, y ap toujou fèmen kèk liy tanzantan nan lè pa gen anpil machin sou wout la ak leswa, pou yo ka fè travay antretyen ak lòt aktivite ki gen rapò ak pwojè a.

Faz 1B a se pou gwo chanjman yo pral fè nan ranp antre ak ranp soti ant I-95 ak SR 112/I-195 ansanm ak tout travay ki merite fèt olon gran wout la sou bò ki ale nan direksyon sid la. Faz 1B te kòmanse ann ete 2008, epi liy esprès yo dwe ouvè sou bò ki ale nan direksyon sid la anvan sezon ivè 2009. Y ap kòmanse touche kòb sou wout la sou bò sid la anvan sezon ivè 2009 la tou.

Kèk liy ap fèmen nan lè pa gen anpil machin sou wout la, de 9 è di maten a 3 è dlapremidi epi de 9 è di swa a 5 è di maten, de lendi a vandredi, epi de 11 è di swa le vandredi a 2 è dlapremidi nan dimanch lè pa gen gwo aktivite nan aswè ak nan wikenn.

Nan faz 1B a, y ap oblije chanje liy kote machin kapab pase sou ranp ki konekte I-95 ak SR 112 la. Met sou sa, ranp ki konekte bò I-95 ki ale nan direksyon nò a ak bò SR 112 ki ale nan direksyon wès la ak ranp ki konekte bò I-95 ki ale nan direksyon sid ak bò SR 112 ki ale nan direksyon ès la pral oblije fèmen (okenn machin pap kab pase sou yo) pou yon mwa kon sa, yon fason pou yo kapab fin fè travay yo san danje. Yo pral mete siy detou sou wout la lè wout sa yo ap fèmen. Tout ansèy detou yo ap make byen klè epi gen polis ki pa de sèvis k ap la pou gide chofè yo lè sa nesèsè. Liy sou tou le de bò SR 112 la nan zòn I-95 lan ap gen ti traka tou akòz travay sa yo.

Kontwòl sikilasyon

Depatman transpò a ap travay di pou travay yo pa deranje chofè yo twòp, sitou lè travay la deranje gran wout enpòtan tankou I-95 lan. Y ap fèmen kèk liy sikilasyon nan lè pa gen anpil machin sou wout la esepite lè travay pwojè a rive kote yo oblije fèmen ranp yo ant I-95 ak SR 112.

Y ap avèti chofè yo davans pou yo kab konnen ki lè pwojè a ap deranje sikilasyon an. N ap sèvi ak anons pou laprès, anons sèvis piblik, epi n ap sèvi tou ak ansèy elektwonik nou genyen sou wout la kounye a sou I-95 ak SR 112.

Depatman an ap mete lòt machin pou ede machin ki pran pàn sou wout la epi pou retire debri aksidan ak lòt ensidan sou wout machin yo tousuit yon fason pou redui lòt move konsekans sou sikilasyon an pandan travay yo ap fèt.

Depatman an konprann wòl enpòtan I-95 lan genyen sizanka leta ta pase lòd pou moun kite zòn nan. Ou pa bezwen pè paske konpayi k ap fè travay yo deja gen yon plan pou siklòn ki byen detaye, y ap mete plan sa a ann aksyon sizanka ta gen bezwen pou sa. Y ap ouvè liy ki kapab ouvè pou machin pase san danje, epi travayè yo ap pran tout dispozisyon nesèsè pou pwoteje zòn travay yo.

Nou ankouraje chofè **rele 511** anvan yo pran lari, oswa ale sou sit entènèt sa a www.511southflorida.com pou yo kapab jwenn enfòmasyon egzak sou sa k ap pase nan lari a ak detay dènye minit si gen liy ki fèmen. Moun kapab rele 305-499-2391 tou si nou bezwen konnen si gen liy ki fèmen.

Lòt enfòmasyon

Se chofè ki genyen ti aparèy elektwonik Sonnpas (SunPass) yo ki kapab sèvi ak nouvo liy Esprès 95 yo. Liy esprès yo ap **gratis** pou machin ki la pou ede moun nan ka ijans, pou sèvis esprès transpò piblik, machin ki gen twa moun oswa plis toujou ki prale travay ansanm, machin ki mache ak gaz epi ak kouran, venn ki pote moun ki prale nan travay ansanm epi pou motosiklèt. Men fò tout machin ak motosiklèt sa yo enskri nan Sèvis Sid Florid pou moun ki pral travay (South Florida Commuter Services). Motosiklèt kapab sèvi liy esprès yo gratis san yo pa bezwen enskri. Yo pap kite kamyon ki gen twa aks oswa plis pase sa monte sou liy Esprès 95 yo epi tou y ap oblije pase sou youn nan de liy sou men dwat I-95 lan ki la pou tout lòt kalite machin sèvi.

Yo sèvi ak yon seri ti poto an plastic pou separe liy esprès yo ak lòt liy regilyè yo. Kote pou machin antre nan liy esprès yo, se nan pwent nò ak pwent sid pwojè a yo ye sèlman. Pri yo pral varye, sa pral depann de lè a pandan jounen an ak kantite machin ki genyen nan liy esprès yo.

Si w bezwen yon espikasyon detaye sou nouvo pwojè Exprès 95 lan, ou te mèt rele liy telefòn espesyal la 24 sou 24 nan 1-877-95X-FDOT (sa vle di 1-877-959-3368) oubyen ale sou sit entènèt sa a www.95express.com. Si w gen kesyon sou travay konstriksyon yo, kontakte Tich Bègè (Tish Burgher), Espesyalis enfòmasyon piblik pou travay konstriksyon (Construction Public Information Specialist) nan 305-499-2391.

